

## DIREKTIV POU RANPLI FÒM RB-89.1

**POU DEFANDAN AN:** Tout Demanti nan kad Aplikasyon sa dwe kominike bay Komisyon an antanke enfòmasyon nan yon espas 30 jou ouvrab aprè dat Aplikasyon an te kominike bay Defandan an. Yo konsidere yon Demanti nan kad yon Aplikasyon depoze devan Komisyon an nan dat Komisyon an resevwa Demanti nan kad Aplikasyon sa a. Nan konfòmite ak règleman 12 NYCRR 300.13 (c) an ki egzije pou tout kotestasyon konfòme ak egzijans ki nan 12 NYCRR 300.13 (b) yo, yon Demanti kapab depoze sèlman devan Komisyon an nan adrès postal santralize Komisyon an (P.O. Box 5205, Binghamton, NY 13902-5205),, nimewo faks santralize pou demann yo (1-877-533-0337), adrès imèl santralize pou demann yo ([wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov](mailto:wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov)), oswa atravè lyen Chajman sou Entènèt WCB an (<https://wcbdoc.services.conduent.com/>). Demanti nan kad diskriminasyon yo dwe depoze devan Komisyon an pandan w ap voye Aplikasyon an bay Inite Diskriminasyon Komisyon an, ki chita nan Riverview Center - 150 Broadway, Menands, NY 12204. Demanti nan demann ki depoze nan kad avantaj andikap yo (demann pou salè ki pèdi poutèt aksidan oswa maladi ki pa gen pou wè ak travay) yo dwe depoze devan Komisyon an pandan w ap voye Aplikasyon an nan Biwo Avantaj Andikap yo, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029. Yon kopi Demanti sa dwe kominike bay tout moun oswa òganis konsène patisipasyon yo nesèsè yo nan konfòmite ak règleman 12 NYCRR 300.13(b)(1)(iv) an. Demanti yo, sof si se yon kandida san reprezantan ki soumèt yo, dwe fèt nan fòm Prezidans lan preskri an, tout seksyon nan Aplikasyon an dwe ranpli, epi nenpòt dokiman legal ki atache ak li dwe konfòme l ak règleman 12 NYCRR 300.13(b)(1)(i) an. Si w pa bay tout enfòmasyon ki nesèsè dapre règleman 12 NYCRR 300.13 lan ak sa direktiv sa yo mande yo, sa kapab lakòz yo refize Demanti an.

**SONJE:** Yo p ap resevwa Demanti nan kad Aplikasyon pou Revizyon Komisyon yo si ou remèt yo men nan men nan yon Biwo Komisyon an. Yo ap konsidere Demanti ou voye nan lapòs oswa soumèt dirèkteman bay Divizyon Revizyon Administratif yo antanke aplikasyon ki pa ranpli devan Komisyon an epi yo p ap asepte yo.

- 1. Nimewo Dosye WCB an (yo).** Mete nimewo dosye WCB la (yo) pou demann ki gen kontestasyon an (yo). Lè yo mande Nimewo dosye WCB an (yo), sa vle di w kapab bay nimewo dosye pou reparasyon nan kad aksidan travay, nan kad diskriminasyon, avantaj andikap, diskriminasyon nan sa ki gen pou wè ak konje famiyal peye, ponpye volontè ak avantaj pou travayè volontè nan sèvis anbilans.
- 2. Nimewo Dosye Konpayi Asirans la (yo).** Mete Nimewo Dosye Konpayi Asirans la (yo) pou demann ki gen kontestasyon an (yo). Seksyon/Atik sa pa aplike ak demann nan kad diskriminasyon yo.
- 3. Kòd Konpayi Asirans lan.** Mete Kòd Konpayi pou konpayi asirans an nan kad demann ki gen kontestasyon an. Seksyon/Atik sa pa aplike ak demann nan kad diskriminasyon yo.
- 4. Non Konpayi Asirans lan.** Mete non Konpayi Asirans lan nan kad demann ki gen kontestasyon an. Seksyon/Atik sa pa aplike ak demann nan kad diskriminasyon yo.
- 5. Dat Aksidan/Konje an.** Mete dat aksidan (blese) an te fèt lan menm oswa dat konje famiyal peye an te kòmanse an (si w pa t pran konje famiyal peye an, mete Dat Plent pou Diskriminasyon an).
- 6. Non Kandida an.** Mete tout non anplwaye an.
- 7. Adrès Kandida an.** Mete adrès ri an, vil la, eta an ak kòd postal anplwaye an.
- 8. Moun oswa òganis konsène ki ap depoze Demanti sa.** Fè konnen ki moun oswa òganis konsène ki ap depoze Demanti sa.
- 9. Kategori Aplikasyon Demanti an gen rapò ak li an.** Fè konnen si Demanti an ap mande swa 1) yon revizyon pou yon deziyon Jij ki espesyalize nan reparasyon pou travayè an, oswa 2) yon nouvo odyans oswa yon nouvo ouvèti.
- 10. Dat Desizyon an.** Mete dat desizyon ki gen kontestasyon an.
- 11. Dat Kominikasyon an.** Mete dat Aplikasyon an te kominike bay Defandan an.
- 12. Rezilta ki Prevwa an.** Fè konnen si Demanti an konfime 1) Aplikasyon an ta dwe pran refi dapre règleman 12 NYCRR 300.13(b)(4) lan, 2) Desizyon Jij ki respesyalize nan reparasyon pou travayè an ta dwe korije nan yon kad administratif epi kijan li dwe korije, 3) Desizyon Jij kie spesyalize nan reparasyon pou travayè an ta dwe konfime konplètman, oswa 4) Desizyon Jij ki espesyalize nan reparasyon pou travayè an ta dwe modifiye epi kijan li dwe modifiye.
- 13. Repons pou Kesyon ak Motif yo.** Bay yon deklarasyon tou kout nan kad yon repons pou kesyon ak motif ki prezante nan Aplikasyon an, pandan w ap idantifye nenpòt deklarasyon enkòrèk ki prezime nan kad dwa ak prensip. Jan sa di nan règleman 12 NYCRR 300.13(b)(1)(i) ak (c) an, yon kandida kapab atache yon dokiman jiridik ki gen jiska uit (8) paj, ki gen yon tay polis 12 pwen, ak maj yon pous, sou yon fèy papye 8 pous edmi pa 11 pous. Yo p ap asepte yon dokiman ki gen plis pase uit (8) paj, sof si kandida an ta presize alekri, rezon ki fè baz kontestasyon an pa t ap kapab pran mwens pase uit (8) paj. Yo p ap asepte yon dokiman ki gen plis pase kenz (15) paj nan okenn pou okenn rezon.

14. **Rejis.** Si rejis ki prezante nan aplikasyon an reprezante rejis konplè an pou revizyon an, kite pati sa vid. Si rejis ki prezante nan Aplikasyon an pa reprezante rejis konplè an pou revizyon an, idantifye lòt odyans yo, dokiman yo, prèv yo, lòt eleman prèv ak pwosè vèbal yo ki nan dosye WCB an epi ki enpòtan pou kesyon ak motif ki prezante pou revizyon yo pa rapò ak dat avèk/oswa nimewo Idantifikasyon dokiman an (yo). Pa mete oswa atache okenn dokiman ki deja nan dosye Komisyon an nan momoan Aplikasyon an ap depoze an nan Kotestasyon nan kad Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an. Komisyon an kapab refize yon Demanti yon kandida oswa reprezantan legal yon kandida ki atache dokiman ki deja nan dosye Komisyon an nan moman Demanti an, nan konfòmite an règleman 12 NYCRR 300.13(b)(1)(ii)(i) ak (c) an. Pa atache oswa soumèt pwosè vèbal fichye odyo odyans ki te anrejistre yo, paske Komisyon an p ap asepte yo.

15. **Nouvo Prèv ak Prèv Adisyonèl.** Si yon kandida ap chèche nouvo prèv oswa prèv adisyonèl ak Aplikasyon pou Revizyon Komisyon ki p at prezante devan Jij ki espesyalize nan reparasyon pou travayè an, defandan an dwe, 1) fè konnen nan Demanti an si prèv sa atache nan Demanti an, oswa si prèv la nan dosye Komisyon an, pandan l ap presize nimewo Idantifikasyon dokiman ki konsène an epi 2) soumèt yon deklarasyon sou sèman oswa yon konfimasyon ki fè yon lis prèv yo epi ki eksplike poukisa prèv sa yo pa t kapab prezante devan Jij ki espesyalize nan reparasyon pou travayè an. Komisyon an kapab oswa kapab pa aplike diskresyon li nan asepte prèv sa. Si ou pa soumèt deklarasyon sou sèman oswa konfimasyon an nan demanti an, Komite Komisyon an p ap asepte nouvo prèv sa oswa prèv adisyonèl sa [ gade nan règleman 12 NYCRR 300.13(b)(2)(iii) an 300,17].

16. **Kontestasyon oswa Eksepsyon.** Si w ap chèche fè modifiye desizyon Jij ki espesyalize nan reparasyon pou travayè a, presize kontestasyon oswa eksepsyon ki te opoze ak desizyon an, ak dat kontestasyon oswa eksepsyon an te opoze ak desizyon an jan règleman 12 NYCRR 300.13(b)(2)(ii) ak (c) an mande sa a. Si kontestasyon oswa eksepsyon an te opoze ak desizyon an nan yon odyans, ou dwe fè konnen dat kontestasyon oswa eksepsyon an te opoze ak desizyon an. Si kontestasyon oswa eksepsyon an te opoze ak desizyon an nan yon pwosedi ki te fèt andeyò orè ki prevwa yo, ou dwe fè konnen dat pwosedi an te fèt andeyò orè ki prevwa yo.

17. **Ogmantasyon nan Frè Avoka yo.** Lè se reprezantan legal kandida an ki depoze Demanti an, fè konnen si genyen yon demann pou ogmantasyon frè avoka yo. Si se sa, ou dwe atache Fòm OC-400.1 lan, Aplikasyon pou yon Frè Avoka oswa Reprezantan Kandida an fè epi kominike yo bay moun oswa òganis ki konsène yo [gade nan règleman 12 NYCRR 300.13(b)(2)(v) ak 300.17) yo]. Si ou pa fè demann yon frè adisyonèl nan Demanti pou Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an, epi si ou pa depoze yon Fòm OC-400.1 ansanm ak Aplikasyon an, sa ap lakòz ou renonse ak nenpòt frè adisyonèl.

18. **Sètifikasyon.** Responsab la dwe siyen epi mete dat nan fòm lan (epitou li dwe bay non li, pòs li ladan l lan, nimewo telefòn li ak adrès li) pandan l ap sètifye Demanti an fonde sou konfyans nan kad dwa ak prensip, Aplikasyon an te prezante ak motif ki rezonab, epi li te kominike bay tout moun oswa òganis konsène patisipasyon yo nesèsè nan sa ki gen pou wè ak seksyon prèv kominikasyon an.

19. **Prèv Kominikasyon.** Demanti an dwe kominike bay tout moun oswa òganis konsène patisipasyon yo nesèsè nan konfòmite ak règleman 12 NYCRR 300.13(b)(2)(iv) an. Lè yo pa kominike anyen bay yon moun oswa òganis patisipasyon li nesèsè sa senpleman vle di kominikasyon an pa fèt epi Komisyon an kapab refize Demanti an. Lè se konpayi asirans lan, antrepriz ki bay travay ki gen asirans pa l la, oswa lòt bayè oswa bayè potansyèl ki depoze Demanti pou Revizyon Komisyon an, yo dwe kominike enfòmasyon yo bay kandida an, ak reprezantan legal kandida an, ak lòt moun oswa òganis konsène patisipasyon yo nesèsè yo. Yo konsidere kominikasyon an fèt nan fason ki kòrèk la si kandida an an fè l nan espas trant (30) jou aprè kominikasyon Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an. Konfimasyon an oswa Deklarasyon sou Sèman an dwe fèt, epi genyen ladan li metòd ki itilize pou, ak dat, Demanti an te depoze devan Komisyon an. Defandan an ap gen pou l itilize yon metòd pou l depoze Demanti an devan Komisyon an. Si kandida an depoze menm Demanti yo plizyè fwa, yo kapab konsidere se pil menm aplikasyon sa yo ki prezante oswa ap pwolonje egzistans yon kesyon ki pa gen motif rezonab, epi sa kapab fè yo evalye kandida an dapre Lwa sou Reparasyon Travayè yo § 114-a(3). Konfimasyon oswa Deklarasyon sou Sèman ki konplè yo dwe presize ki papye ki kominike, non moun oswa òganis konsène ki resevwa kominikasyon yo, dat ak metòd kominikasyon an pou chak moun oswa òganis konsène, epi yo dwe fè konnen kominikasyon sa te fèt nan yon espas 30 jou aprè kominikasyon Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an. Li pa aseptab pou yo ranpli pati deklarasyon sou sèman oswa konfimasyon an kote li fè yon lis moun oswa òganis ki resevwa kominikasyon an ak metòd "Gade Dokiman Ki Atache yo". Si yon moun oswa òganis konsène jwenn kominikasyon an nan faks, mesaj imèl oswa lòt mwayen elektwonik, Konfimasyon an oswa Deklarasyon sou Sèman an dwe genyen ladan li yon sètifikasyon ki di moun lan oswa òganis konsène ki te resevwa kominikasyon sa te bay otorizasyon klè pou yo kominike li enfòmasyon yo atravè mwayen sa yo. [gade règleman 12 NYCRR 300.13(b)(2)(iv)(C) an]. Chak moun oswa òganis konsène pa oblije resevwa Demanti an gras ak menm metòd la. Konfimasyon an dwe date epi siyen nan risk pou sibi pèn pou fo temwayaj. Sèlman yon avoka ki kapab ranpli yon Konfimasyon. Deklarasyon sou Sèman an dwe siyen devan yon notè piblik.



# DEMANTI POU APLIKASYON POU REVIZYON KOMISYON AN

<b>1. Nimewo Dosye WCB an (yo)</b>	<b>2. Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan (yo)</b>	<b>3. Kòd Konpayi Asirans lan</b>	<b>4. Non Konpayi Asirans lan</b>	<b>5. Dat Aksidan/Konje an</b>
<b>6. Non Kandida an</b>			<b>7. Adrès Kandida an</b>	
<b>8. Demanti sa fèt nan non:</b>				
<b>9. Demanti sa fèt nan repons ak yon aplikasyon pou (Chwazi youn SÈLMAN):</b> <input type="checkbox"/> Revizyon Desizyon Jij ki espesyalize nan reparasyon pou travayè an <input type="checkbox"/> Nouvo Odyans oswa Nouvo Ouvèti				
<b>10. Dat Depo Desizyon an (mwa/jou/ane):</b>				
<b>11. Aplikasyon an te kominike bay Defandan an nan dat (mwa/jou/ane):</b>				
<b>12. Demanti sa konfime:</b>				
<input type="checkbox"/> Aplikasyon an ta dwe pran refi dapre règleman 12 NYCRR 300.13(b)(4) an. <input type="checkbox"/> Desizyon an ta dwe kòrije nan yon kad administratif pou yo li l konsa: _____ <input type="checkbox"/> Desizyon an ta dwe konfime konplètman. <input type="checkbox"/> Desizyon an ta dwe modifye jan sa ekri an: _____				
<b>13. Repons pou Kesyon ak Motif yo. Demanti sa abòde chak kesyon ki prezante yo konsa (Si ou ap atache yon dokiman legal li pa kapab depase 8 paj, gade nan direktiv yo pou jwenn plis detay):</b>				
<b>14. Rejis. Si ou pa apiye w sou dosye an idantifye prèv apwopriye adisyonèl yo (gade nan direktiv yo pou w jwenn plis detay):</b>				
<b>15. Nouvo Prèv ak Prèv Adisyonèl dapre règleman 12 NYCRR 300.13(b)(1)(iii) an (gade nan direktiv yo pou jwenn plis detay):</b>				
<b>16. Kontestasyon oswa Eksepsyon. Si demanti an konfime Desizyon an ta dwe modifye, presize kontestasyon oswa eksepsyon ki opoze ak desizyon an ak dat li te opoze an jan règleman 12 NYCRR 300.13(b)(2)(iii) ak (c) an mande sa:</b>				
<b>17. Èske w pral fè yon demann ogmantasyon pou frè avoka yo?</b> <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <b>Si repons ou se "Wi", ou dwe atache Fòm OC-400.1 an epi kominike l bay moun ak òganis konsène yo.</b>				



**18. Atestasyon:** Lè m siyen dokiman sa nan espas yo prewva pou sa an, mwen sètifye Demanti sa gen yon baz konfyans nan kad dwa ak prensip, li te fèt ak motif ki rezonab, epi li te kominike bay tout moun oswa òganis konsène patisipasyon yo nesèsè gras ak metòd kominikasyon an, ansanm ak adrès aktyèl, adrès imèl oswa nimewo faks kote kominikasyon an te fèt la ki afiche nan Konfimasyon oswa Deklarasyon sou Sèman pou kominikasyon ki pi ba an. Mwen konprann Lwa sou Reparasyon pou Travayè an mete dispozisyon pou sanksyone nan ka kote ta gen pwosedi ki kòmanse oswa kontinye san motif ki rezonab.

Siyati Responsab la \_\_\_\_\_ Dat Preparasyon an (mwa/jou/ane): \_\_\_\_\_

Non an lèt detache: \_\_\_\_\_ Tit: \_\_\_\_\_ Nimewo telefòn.: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

## PRÈV KOMINIKASYON

### KONFIMASYON

ETA NEW YORK, KONTE \_\_\_\_\_ ss: MWEN, \_\_\_\_\_, se yon avoka ki gen otorizasyon pou pratike dwa nan tribinal ki nan Eta New York yo. Nan dokiman sa mwen konfime anba pèn pou fo temwayaj mwen te konfòme m ak egzijans pou depo ak kominikasyon yo jan sa di nan règleman 12 NYCRR 300.13(b)(2)(iv) ak (3) yo jan règleman 12 NYCRR 300.13(c) an egzije l pou Demanti nan kad Aplikasyon pou Revizyon Komisyon sa nan fason ki afiche pi ba an.

A. Mwen depoze Demanti nan kad Aplikasyon pou Revizyon Komisyon sa devan Komisyon an nan (**dat - mwa/jou/ane**) \_\_\_\_\_ atravè (**chwazi yon metòd**):

- Voyer atravè lapòs nan P.O. Box 5205, Binghamton, NY 13902
- Voyer nan faks bay 1-877-533-0337
- Voyer nan mesaj imèl bay [wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov](mailto:wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov)
- Lyen Chajman Entènèt WCB (<https://wcbdoc.services.conduent.com>)
- Demann Reparasyon pou Travayè yo nan Kad Diskriminasyon:** Voyer atravè lapòs nan Inite Diskriminasyon ki nan Riverview Center - 150 Broadway, Menands, NY 12204
- Avantaj Andikap yo:** Voyer atravè lapòs nan Biwo Avantaj Andikap la ki nan PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029

B. Mwen te kominike Demanti nan kad Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an nan (**dat - mwa/jou/ane**) \_\_\_\_\_ sou (atache fèy adisyonèl si sa nesèsè):

Non: \_\_\_\_\_ atravè (metòd): \_\_\_\_\_ nan (Adrès): \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ atravè (metòd): \_\_\_\_\_ nan (Adrès): \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ atravè (metòd): \_\_\_\_\_ nan (Adrès): \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ atravè (metòd): \_\_\_\_\_ nan (Adrès): \_\_\_\_\_

mwen sètifye tout moun oswa òganis konsène ki te resevwa kominikasyon an atravè faks, imèl, oswa lòt mwayen elektwonik te bay otorizasyon klè pou yo resevwa kominikasyon yo an atravè mwayen sa yo.

Mwen sètifye kominikasyon Demanti nan kad Aplikasyon pou Revizyon Komisyon sa, jan sa afiche pi wo an, te fèt nan espas trant jou aprè kominikasyon Revizyon Komisyon an.

Dat (mwa/jou/ane): \_\_\_\_\_ Siyati \_\_\_\_\_

Non an lèt detache: \_\_\_\_\_

### DEKLARASYON SOU SÈMAN

ETA NEW YORK, KONTE \_\_\_\_\_ ss: MWEN, \_\_\_\_\_, antanke moun ki gen bon jan otorizasyon pou sa, depoze epi deklare: Mwen pa yon moun oswa yon òganis konsène nan kad demann lan (yo) ki afiche nan Demanti nan kad Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an epi mwen gen plis pase 18 lane. Nan dokiman sa mwen konfime anba pèn pou fo temwayaj mwen te konfòme m ak egzijans pou depo ak kominikasyon yo jan sa di nan règleman 12 NYCRR 300.13(b)(2)(iv) ak (3) yo, jan règleman 12 NYCRR 300.13(c) an egzije l pou Demanti nan kad Aplikasyon pou Revizyon Komisyon sa nan fason ki afiche pi ba an.

A. Mwen depoze Demanti nan kad Aplikasyon pou Revizyon Komisyon sa devan Komisyon an nan (**dat - mwa/jou/ane**) \_\_\_\_\_ atravè (**chwazi yon metòd**):

- Voyer atravè lapòs nan P.O. Box 5205, Binghamton, NY 13902
- Voyer nan faks bay 1-877-533-0337
- Voyer nan mesaj imèl bay [wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov](mailto:wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov)
- Lyen Chajman Entènèt WCB (<https://wcbdoc.services.conduent.com>)
- Demann Reparasyon pou Travayè yo nan Kad Diskriminasyon:** Voyer atravè lapòs nan Inite Diskriminasyon ki nan Riverview Center - 150 Broadway, Menands, NY 12204
- Avantaj Andikap yo:** Voyer atravè lapòs nan Biwo Avantaj Andikap la ki nan PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029

B. Mwen te kominike Demanti nan kad Aplikasyon pou Revizyon Komisyon an nan (**dat - mwa/jou/ane**) \_\_\_\_\_ sou (atache fèy adisyonèl si sa nesèsè):

Non: \_\_\_\_\_ atravè (metòd): \_\_\_\_\_ nan (Adrès): \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ atravè (metòd): \_\_\_\_\_ nan (Adrès): \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ atravè (metòd): \_\_\_\_\_ nan (Adrès): \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ atravè (metòd): \_\_\_\_\_ nan (Adrès): \_\_\_\_\_

mwen sètifye tout moun oswa òganis konsène ki te resevwa kominikasyon an atravè faks, imèl, oswa lòt mwayen elektwonik te bay otorizasyon klè pou yo resevwa kominikasyon yo an atravè mwayen sa yo.

Mwen sètifye kominikasyon Demanti nan kad Aplikasyon pou Revizyon Komisyon sa, jan sa afiche pi wo an, te fèt nan espas trant jou aprè kominikasyon Revizyon Komisyon an.

Deklarasyon sou sèman ki fèt devan m nan \_\_\_\_\_ Jou sa nan \_\_\_\_\_ Siyati \_\_\_\_\_

Non an lèt detache: \_\_\_\_\_

Notè piblik